

ELEKSYON PRIMÈ 2026: Kesyon yo poze souvan Jou Eleksyon an se 2 jen 2026

Dat ak Dat Limit Enpòtan yo:

Dat Limit pou Deklarasyon Afilyasyon Pati Politik (pa lapòs):

- 8 avril 2026: Yo dwe resevwa fòmilè a nan dat sa a.

Dat Limit pou Enskripsyon Elektè yo (pa lapòs oswa sou entènèt):

- 12 me 2026: Fòmilè a dwe gen tenb lapòs la anvan dat sa a.

Dat Limit pou Aplikasyon pou vote pa Lapòs (pa lapòs oswa sou entènèt):

- 26 me 2026: Grefye Konte a dwe resevwa fòmilè a nan dat sa a.

Peryòd pou Vòt Bonè an Pèsòn:

- 26 me – 31 me 2026: Biwo vòt yo ap louvri 10è am – 8è pm lasemèn ak samdi, epi 10è am – 6è pm lè dimanch.

Dat Limit pou Aplikasyon pou Vote pa Lapòs (an pèsòn):

- 1ye jen 2026: Yo dwe soumèt aplikasyon anvan 3 pm nan biwo Grefye Konte ou a.

Dat Eleksyon Primè a:

- 2 jen 2026: Biwo vòt yo ouvè soti 6è am pou rive 8è pm.



Eskane kòd QR sa a pou

- Enskri pou vote oubyen verifye estati w kòm elekyè
- Fòmilè pou Vòt pa Lapòs
- Fòmilè Deklarasyon Afilyasyon Pati
- Pòtay Enfòmasyon pou Eletkè Eta New Jersey
- Enfòmasyon sou kandida yo sou Vote411

Kisa yon eleksyon primè ye?

Yon eleksyon primè pèmèt manm yon pati politik chwazi kandida pati (yo) a pou parèt sou bilten vòt la nan yon eleksyon jeneral k ap vini. Nan New Jersey, se sèlman manm ki anrejistre nan yon pati politik ki ka nonmen kandida pati sa a. Gade paj aprè a pou plis enfòmasyon sou kijan pou deklare oswa chanje afilyasyon yon pati politik.

Pou ki moun m ap vote lè m ap vote nan yon eleksyon primè?

Nan eleksyon primè jen 2026 la, elektè yo pral chwazi kandida pati yo a pou yon plas nan Sena Etazini pou tout eta a, yon plas nan Chanm Reprezantan Etazini nan distri yo a, ak plizyè pòs lokal.

Ki opsyon mwen genyen pou m vote?

Gen **3 fason pou vote** nan Eleksyon Primè a:

1. **Vòt An Avans an pèsòn:** Sèvi ak yon machin pou vote nan yon sant vòt an avans nan konte w la apati 26 me - 31 me 2026.
2. **Vòt pa lapòs:** Voye bilten vòt ou a tounen nan youn nan twa fason ki dekri nan seksyon Vote pa Lapòs la.
3. **An pèsòn jou eleksyon an:** Biwo vòt yo ap louvri soti 6è am pou rive 8è pm nan dat 2 jen 2026.

Kisa vòt an Avans an pèsòn nan ye?

Elektè New Jersey yo ka vote an avans lè l sèvi avèk yon machin pou vote nan sant vòt ki deziyen pou vòt an avans lan. Pandan vòt an avans lan, biwo vòt yo ouvè soti 10 am rive 8 pm jou lasemèn ak samdi, epi soti 10 am rive 6 pm lè dimanch. Kontakte konte w la pou konnen ki kote pou vote an avans oubyen vizite lwnj.org/vote.

Èske mwen kalifye pou vote?

Pou enskri pou vote nan NJ, Ou dwe: yon sitwayen ameriken; gen pou pi piti 17 lane*; yon rezidan konte a 30 jou anvan eleksyon an; epi p ap peye yon santans prizon kounye a akoz yon kondanasyon pou krim grav. Ou ka enskri pou vote si w an libète sou kondisyon oubyen si w an pwobasyon. Dat limit pou enskripsyon Elektè pou Eleksyon Primè Jen an se 12 Me 2026.

**Ou pa ka vote nan yon Eleksyon Jeneral jiskaske ou gen 18 lane. Avèk aplikasyon Lwa sou Otonomizasyon Elektè a, elektè ki gen 17 lane ka vote nan yon Eleksyon Primè si l ap gen 18 lane nan pwochen Eleksyon Jeneral la.*

Èske mwen enskri pou vote?

Si ou pa sèten si enskripsyon ou an ajou, oswa si ou bezwen enskri ankò aprè yon chanjman non, yon demenajman, oswa aprè ou fin peye yon santans prizon, eskane kòd QR ki sou paj sa a oswa vizite lwnj.org/vote.

Ki kote biwo vòt mwen an ye?

Ou ka vote an avans an pèsòn nan yon sant vòt an avans nan konte w la, oubyen ou ka vote nan sant vòt ki deziyen pou ou a jou eleksyon an. Jwenn biwo vòt ou a nan Vote411.org oubyen lwnj.org/vote.

Kijan m ka vote pa lapòs?

Nan New Jersey, nenpòt elektè ki enskri epi ki kalifye ka vote pa lapòs aprè yo fin aplike. Pou yo voye bilten vòt ou a pa lapòs ba ou, aplike sou entènèt oubyen voye yon aplikasyon pa lapòs. Sekretè Konte w la dwe resevwa li anvan 26 me 2026. Elektè yo kapab aplike an pèsòn tou nan biwo Sekretè Konte yo a jiska 3è pm nan dat 1ye jen 2026. Gade seksyon "Mwen pa afilye ak okenn pati politik" pou plis detay sou elektè ki pa afilye ki vle vote pa lapòs.

Kijan pou m retounen bilten vòt pa lapòs mwen an?

Retounen bilten vòt ou a nan youn nan twa fason sa yo:

- Depoze bilten vòt ou a nan yon bwat depoze bilten vòt ki an sekirite nan konte w la anvan biwo vòt yo fèmen jou eleksyon an.
- Pote bilten vòt ou a an pèsòn nan Komisyon Eleksyon Konte ou a anvan biwo vòt yo fèmen jou eleksyon an.
- *Retounen bilten vòt ou a pa lapòs – Chanjman resan*

Bilten vòt pou vote pa lapòs yo dwe gen **tenb lapòs la** anvan jou eleksyon an. Akòz yon chanjman resan, USPS kounye a konsidere lapòs ki gen tenb poste a lè biwo lapòs la *trete* li, se pa lè biwo lapòs la resevwa li. **Akòz chanjman sa a, li rekòmande pou retounen bilten vòt ou a ranpli lè w sèvi avèk youn nan de metòd ki anwo yo.** Si w gen plan pou voye bilten vòt ou a pa lapòs, voye l omwen plizyè jou anvan jou eleksyon an.

Kijan m ka konnen si yo te resevwa epi konte bilten vòt pa lapòs mwen an?

Pou suiv bilten vòt pa lapòs ou a, vizite Vote.NJ.Gov, chwazi "Suiv Bilten Vòt Mwen an" epi konekte sou kont Dosye Elektè Mwen an. Si ou poko gen yon kont, ou ka kreye youn lè w suiv enstriksyon yo pou jwenn ID Elektè ou a. Si yo rejte bilten vòt ou a akòz yon pwoblèm ak siyati ou, w ap resevwa yon "Lèt Reparasyon" nan men Komisyon Eleksyon Konte ou a ki pral gen ladan yon Fòmilè Reparasyon. Suiv tout enstriksyon yo epi retounen fòmilè an anvan dat limit ki endike a.

Kijan mwen ka aprann plis bagay sou kandida yo?

Fowòm kandida yo se kote esansyèl pou ede elektè yo aprann plis bagay sou yon kandida ak pozisyon li sou pwoblèm kle yo. Kandida yo kapab tou bay opinyon yo atravè medya lokal yo, sou medya sosyal yo, nan reyinyon kominotè lokal yo, ak atravè materyèl kanpay yo. Ou

kapab aprann tou sou kandida k ap kandida pou pòs federal, eta ak lokal yo lè w vizite Vote411.org.

Kounye a mwen afilye ak yon pati politik men mwen vle chanje afilyasyon pati politik mwen anvan eleksyon primè a. Kisa pou m fè?

Si w afilye kounye a ak yon pati epi ou vle chanje afilyasyon w, ou dwe ranpli yon Fòmilè Deklarasyon Afilyasyon Pati. Enprime epi ranpli fòmilè an sou lwnj.org/vote, aprèsa retounen li bay Komisyonè Enskripsyon an oswa grefye minisipal ou a. Yo dwe resevwa fòmilè an anvan 8 avril 2026.

Mwen pa afilye ak okenn pati politik men mwen vle vote nan pwochen eleksyon primè a. Kisa pou m fè?

Elektè ki pa afilye yo gen opsyon pou deklare yon pati selon metòd vòt la. Depi yo deklare yon pati, afilyasyon pati sa a rete konsève sof si elektè a depoze yon fòmilè deklarasyon afilyasyon pati aprè eleksyon an.

- Elektè ki pa afilye yo ka deklare afilyasyon yo an pèsòn nan biwo vòt yo jou Eleksyon Primè a oubyen pandan peryòd vòt an avans lan.
- Elektè ki pa afilye ki enskri pou resevwa bilten vòt Vote pa Lapòs otomatik p ap resevwa bilten vòt Vote pa Lapòs otomatik ankò pou eleksyon primè a. Pou resevwa yon bilten vòt pa lapòs, elektè sa yo dwe anvan tout bagay, deklare yon pati lè y ap ranpli yon fòmilè deklarasyon afilyasyon pati epi revoye li bay grefye minisipal la oswa Komisyonè Enskripsyon konte a pa lapòs oswa an pèsòn nan dat limit aplikasyon pou Vòt pa lapòs la.
- Elektè ki pa afilye epi ki pa enskri pou Vote pa Lapòs epi ki vle fè sa dwe deklare pati yo epi aplike pou yon bilten vòt pa lapòs anvan dat limit aplikasyon pou Vote pa Lapòs la.

Kijan mwen ka vin yon ajan biwo vòt?

Anplwaye biwo vòt yo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan chak eleksyon. NJ bezwen moun pou fasilite vòt an pèsòn pou vòt an avans ak jou eleksyon an. Sa a se yon pozisyon peye epi yo bay fòmasyon. Aplike nan PollWorker.NJ.Gov.

Lèt kesyon?

Voye yon imèl bay Lig Fanm Elektè New Jersey (League of Women Voters of New Jersey) nan contact@lwnj.org.

